No. 46 — 13 November 1931 — Taoen 11.

REGINIPOEN LENGGANAN
SWARA - TAMA:

1 taoen . . . . . f 6,— } njoewoen ka-
1/2 „ . . . . . f 3.— } bajar roemijin.
3 woelan . . . . f 1,50 }
Kénging mbajar saben woelan }

RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja . . . . . . . . . . . f 36.—
1/2 „ . . . . . . . . . . . f 18,65
/4 „ . . . . . . . . . . . 9,75.
1/8 „ . . . . . . . . . . . f 5,25.
Saladjengipoen: saben 1 $cm^2$ . . f 0,03;
sekedik - kedikipoen: f 1,50.

Kabar premili alit - alitan: f 1.—

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

**Medal saben dinten Djoemoewah.**

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN.

Wawasan menggahing N. V. V. delegatie — Getering boemi — Boten koemedah - kedah njoewoen dipoenpoendji — Wawasan bab pers sawatawis — Kados - poendi sakétjanipoen — Bibar giling — Kabar krèngsèngan Pakem — Atoer pamoedji — Goentingan pers — Saking pakempalan — Djagad wanita — Pangandika dalem K. S. Bapa Leo XIII — Watjana manéka warna — Oerap - sari — Correspondentie —

## WAWASAN MENGGAHING N. V. V. DELEGATIE.

Katah serat kabar ingkang ngemot wartos, bilih N.V.V. delegatie (oetoesanipoen *N*ederlandsch *V*erbond van *V*akvereenigingen) inggih poenika toewan E. Kupers lid Tweede Kamer, pangarsa N. V. V., toewan P. Danz lid Eerste Kamer, pangarsa Algemeen Nederlandsche Metaalbewerkersbond, ngiras warga pangoeroes N. V. V. sarta toewan P. Moltmaker lid Eerste Kamer, pangarsa Nederlandsche Vereeniging van Spoor - en Tramwegen personeel, sampoen wangsoel doemoegi ing nagari Walandi.

Mesti kémawon sadatengipoen ing ngrika dipoentanggap, langkoeng$^2$ saking golongan pers.

Manoet toewan Kupers, delegatie anggènipoen dateng ngriki poenika 1e. perloe njinaoe kawontenaning padamelan ing tanah Djawi lan Soematra. 2e. sageda gandèng kalijan pakempalan noenggil karja ing Indonésiah ngriki inggih pakempalanipoen Indonesier inggih pakempalaning bangsa Éropah.

Tjarijosipoen toewan Kupers sedya kekalih waoe sampoen kagajoeh, sampoen damel marem.

Bab kawontenan padamelan ing ngriki manoet toewan Kupers ratjak-ratjak épahanipoen kaoem berah taksih andap. Prakawis poenika katah njatanipoen, mangga kémawon para maos koela atoeri ènget dateng sababipoen protest Lasem. Ing pabrik - pabrik sroetoe oetawi sigarèt taksih katah ingkang pambajaripoen dateng kaoem berah taksih boten mèmper.

Toewan Kupers ngalem dateng bangsa kaoem berah Djawi anggènipoen prigel, sarta tjrijos jèn sampoen katah toekang-toekang wedalan sekolahan. Manoet pamanggihipoen toewan Kupers ngriki vakonderwijs taksih kirang, ambachtschool kedah dipoenkatahi.

Poenapa toewan Kupers boten ngertos, jèn Nagari inggih sampoen ngoedi madjengipoen vakonderwijs?

Koela pijambak oegi tjotjog, nanging toewan Kupers boten ngertos jèn kados - makaten poenika toemindakipoen angèl, djer laré poenika ingkang limrah-limrah kapéngin dados prijantoen. Koela koewatos bokmanawi toewan Kupers ladjeng nglepataken dateng Nagari.

Bab gandèngipoen kalijan pakempalan noenggil karja, toewan Kupers tjrijos jèn sampoen gandèng kalijan pakempalan Walandi V.V.L. (Verbond van Vereenigingen van Landsdienaren) sarta kalijan sagah badé mbantoe damel aksi mengsah Nagari anggènipoen badé ngedakaken dradjading poenggawanipoen. Kalijan pakempalan noenggil karja Indonésiah toewan Kupers oegi sampoen gandèng, malah Vakcentrale Djawi sampoen toemoet I.V.V.

Toewan Kupers sampoem takèn sarta sampoen saged neksèni jèn pakempalan noenggil karja ing Indonésiah boten mambet kommunisme.

Sokoer, awit jèn ngantos netjep ngèlmoe kommunisme, tanah Djawi ladjeng saged dados kados Roeslan, itjal wataking kamanoengsan. Namoeng koela roemaos gela, manawi wonten pakempalan noenggil karja Djawi gandèng kalijan N.V.V., djer N. V. V. poenika adedasar ngèlmoe socialisme.

Koela tjotjog kémawon moerinani kaoem berah ingkang épahanipoen boten mèmper, ingkang oepami pabrik dipoentoetoep ladjeng tanpa wonten ingkang dipoenteda.

Nanging jèn pamoerinanipoen tjara toewan Kupers poenika koela boten tjotjog, djer: toewan Kupers ngangkah dateng k l a s s e n s t r ij d (tandingipoen kaoem berah kalijan djoeragan), sareng bangsa Katoelik ngoedi roekoenipoen golongan kekalih waoe sarana njaèkaken gesang sociaal.

Toewan Kupers ingkang dados idam-idamanipoen: sadaja productiemiddelen (pirantos kanggé pados kasil) kedah dados gadahaning pakempalan. Koela boten terang poenapa toewan Kupers poenika socialist ingkang mempeng tegesipoen: sengit dateng p r i v a a t e i g e n d o m (dedarbéan pijambak), ngadjengaken s a m a r a t a, sengit dateng w a r i s a n. Para sadèrèk! oepami tijang sepoeh boten gadah eigendom lan njamboetdamel boten kénging nilari wohing njamboetdamel dateng anakipoen, poenapa anggènipoen njamboet-damel kanti seneng?

Jèn sama rata, poenapaa toewan Kupers lsp. wonten ing ngriki njipeng ing hotèl ageng, boten poeroen njipeng ing grija ingkang limrah kanggé kaoem berah ingkang taksih andap, tanda nglaboehi? Koela ènget lelampahanipoen toewan Kleerekooper oegi socialist. Wonten ing Tweede Kamer bengok-bengok neda soepados kaoem berah dipoensoedaa panjamboetipoen damel: 8 djam oetawi kirang.

Satoenggiling daloe wonten ing Nijmegen (Nederland) mentas ningali gambar sorot, mlebet hotèl, badé neda. Sarèhné sampoen daloe dados wontenipoen asrep - asrepan. Kleerekooper moering-moering, neda ingkang bentèr, boten dipoensoekani. Lo mangka manoet pijambakipoen: boten kénging njamboetdamel dangoe-dangoe. Kaoem berah sampoen kesel, badé ngaso boten angsal. Rak anèh!

Manoet ingkang koela alami, panoentoen socialist poenika ingkang katah-katah theorie kalijan practijk béda sanget. Patok awakipoen pijambak sakétja.

Poenika wawasan koela menggahing N. V. V. delegatie.

## PRADJA RAHAJOE.

### GETERING BOEMI.

**„Akoe toeroe, nanging atikoe melèk".**

*Moestikaning kidoeng, poepoeh V, pada 2.*

Tjetjongkrahan Tjina — Japan saja sereng. Mongolië badé bawa pijambak. Roeslan oeroen gaman lan obat. Dados Tjina — Roeslan saèstoe badé gandèng. Bala laoetan Japan sampoen mobah. Bala daratan badé kapriksa. Bala Japan ing Mansjoerië ingkang sampoen 14.000 katahipoen badé katambahan malih.

Officieren Roes sampoen nata bala. Grebong-grebong isi obat sampoen tjelak Wates Mansjoerië.

Kangdjeng Santo Bapa moewoen pirsa bebaja ingkang badé nempoeh kaoem berah, nawala-dalem ingkang énggal sampoen medal, sadèrèk Kristen ndikakaken ambek welasan.

Europa kilèn bingoeng bab kemlaratanipoen: kirang arta, kirang mas; Egypte toemoet-toemoet njetop wedaling mas. Itali ngindakaken paosing barang mlebet, lan inggih ing Itali katingal soedaning baji lair. Jèn kawontenan Itali boten éwah, 10 taoen malih katahing baji lair lan tijang pedjah s a m i.

Wétan petjah-petjah, kilèn horeg. Ing Bèlgi tijang Vlaming kalijan tijang Waal saja semengit tjongkrahipoen.

Dateng poendi pladjeng kita?
Dateng manah kita pribadi!
Reged poenapa resik!

Jèn resik boten perloe soemelang. P o e n i k a verzekering ingkang ageng pijambak: karesikaning manah. Jèn kita sepi ing lepat: boten perloe kita melang - melang. Mila leres jèn S w. T m. ènget bab kasantosaning batin, boten nglirwakaken babagan kasoesilan lan agami.

Roemijin Tagore mider - mider ngrembag bab kabatosan, sapoenika Gandhi moebeng-moebeng ngrembag ékonomi.

Djago wétanan wiwit kloeroek.

Kita kedah tanggap ing sasmita, sampoen wéja, sampoen ngedap. Dèn pertjaja ing panoentoen lan panoetan kita. Dèn tresna ing sadèrèk pijambak.

Néderlan kétjalan sesepoeh wingit: Mgr. Mr. Dr. Nolens.

Margi poenika kita soemerep sinten lan sapinten lebet-lebetanipoen Mgr. Nolens lan panggalihanipoen. Sw. Tm. sampoen mbèbèr swaranipoen pers Néderlan bab poenika.

Kita sageda njoepliki poendi ingkang perloe lan poendi ingkang kedah kita toelad; kadosta: ngati-ati, pinter njirep prakara, ora anggentong oemos, nriman.

Dados kita boten namoeng goemoen lan éram tok, kita sageda angsal sawabipoen ingkang mentas séda.

Angsal sawab oetawi boten poenika goemantoeng dateng kita pijambak: poeroen noelad poenapa boten!

Awit manawi manah kita boten menep, angga kita boten resik, èngetan kita boten ening: mireng getering djaman kados sapoenika poenika temtoe ngedap, sakeplasan melap-melap, gèk apa gondèlankoe.

Sadèrèk ing tokid ing agaminipoen boten makaten: gesang kita, kita dipoenlahiraken poenika gadah toedjoe ingkang langkoeng loehoer, a d s u p e r i o r a n a t u s s u m, ngandikanipoen Santo Setanislaoes.

Dados kita toemitah poenika boten teka dipoenpoerih melap-melap, melang-melang, nanging ndikakaken p i t a d o s.

Poenika waoe dadosa tamèng kita nempoeh djaman ramé kados sapoenika poenika: pitados, bérag, wekel.

Awit djaman sapoenika boten wonten nagari ingkang boten katjengkerem Roeslan.

Roeslan pijambak katah ingkang kaliren, nanging boten éman mboetjal banda dateng mantja pradja, perloe damel reretoe. Awit roemaosipoen pamaréntah bolsjewis sapoenika poenika: r o e p i n g k o e iki dikon ngreroesak!!

Boten wonten r o e p i n g, dawoehing Allah, ingkang kados makaten! Ingkang makaten waoe bisikaning éblis!

100.000 roepijah kanggé de Tribune, poenapa boten katah! Gèk adjeg s a b e n taoen.

Mila sinten klebetan arta Roeslan ladjeng kados kawalik imanipoen: tegel njembelèh sadèrèkipoen pijambak, wentala ngowat-awoet darbèking tangganipoen, awit . . . . arta ingkang katampi boten sakedik!

Néderlan, Sepanje, Tjina, Perantjis, Djerman,—ah, s a d a j a nagari, temtoe wonten kedoeng arta saking Roeslan.

Arta kijanat poenika ingkang ngotjar-atjir rah tanpa tandja.

Arta peteng poenika ingkang ndjoegroegaken kreteg (Weenen—Boedapès) lan ngrebahaken gedong-gedong (Sepanje!).

Arta reged poenika ingkang andjalari itjaling temboeng s e t y a lan t e m e n (major Frunco).

Inggih arta leletek poenika ingkang ndjalari oebaling bajonèt lan djoemedoring bom.

Manawi kita boten antjik-antjik oewat-oewat kabatosan, kita ketir-ketir.

Manawi kita boten antjik-antjik karesikan, kita melang-melang.

Awit djaman sapoenika sadaja barang wadag gingsir lan moesnanipoen énggal sanget.

Pinten katahing bank katoetoep?
Pinten panggaotan ingkang mogok?
Pinten tijang ingkang oedjoeg-oedjoeg tanpa pakarja?
Katah, katah sanget lan dadakan!
Mila kita kedah AWAS.

Sampoen soeméndé sanget-sanget dateng barang ingkang gampil ontjadipoen!

Kala Vredespaleis mèh rampoeng, malah perang-donja wiwit!

Volkenbond mèh diwasa, wétanan malah gondjing!

Poenika damelaning m a n o e n g s a! Mèh tanpa adji, babasan kaétjé wantahan!!

Mila kita kedah séndéan bab ingkang boten l o e g o e damelaning manoengsa tok! Awit terang njata ing mobahing kawontenan, poen 'a l a m boten poeroen kawengkoe ing tanganing djanma.

Manoengsa gijak-gijak gadah T i t a n i c, delalah wonten redi ès kasasar, pakarjaning manoengsa ingkang dados tetoenggoel kèrem déning redi ès, alijas gendis sapringkil jèn katanding kalijan alam sadaja!

*Héraclitos.*

## GOENTINGAN PERS.

*Pantjènipoen kalijan njatanipoen.*

Ing *Soeara Oemoem* sadèrèk Is. ngrembag bab „kaoem terpeladjar karo ra'jat." (Tegesé temboeng „bersatoe.")

*Kaoem terpeladjar kang gelem njamboetgawé lan mboedi - daja ngèntèngaké sasanggané Ra'jat sarta gelem nanoentoen awèh papadang ing bab roepa - roepa, lah jaikoe kang kena diarani wong sing gelem bersatoe karo Ra'jat, pratanda gelem mboektèkaké katresnané sarana noeloeng lan nggoelawentah.*

Leres sanget sandjangipoen sadèrèk Is. poenika, sadèrèk Is. mendet toeladanipoen anggènipoen Ra'jat kasangsaran, kadosta:

Bapak tani sangsara margi boten ngertos rékanipoen ngitjali ama lsp.

Kaoem pertoekangan sangsara margi boten mindak kawroehipoen lan boten nggrengseng ngagengaken pangoepadjiwanipoen.

Maèwoe - èwoe katahipoen Ra'jat doemawah ing kanistan lan kamlaratan margi kandel sanget goegon - toehonipoen lsp.

*Pantjènipoen* para terpeladjar (winasis) samia noeloengi lan nggoelawentah Ra'jat ingkang kados makaten.

Dokter noeloengana Ra'jat, soepados Ra'jat kadosta: ngertos jèn sesakit kolérah lsp. poenika boten saking lelembat demit, nanging saking lelembat bacil. Tijang doesoen kapoeriha ningali toja kalèn sarana microscoop, soepados sanadjan ngelak sanget sampoen ngombé toja kalèn ingkang katingal bening, nanging sadjanipoen kebak bacil - bacil.

Golongan technici (wedalan technische school oetawi technische hoogeschool) noeloengi damel barang tosan lsp.

Golongan landbouw noeloengi rékanipoen nglemi, mloedjeng lsp.

Pantjènipoen bangsa terpeladjar (winasis) saged tetoeloeng, namoeng *njatanipoen* kados poendi? Wonten ingkang noeloengi sarta nggoelawentah Ra'jat, namoeng taksih sakedik. Ingkang katah - katah malah terpeladjar kalijan terpeladjar sami sasoelajan, ladjeng ngwontenaken pakempalan pijambak - pijambak, ngantos Ra'jat boten ngertos, poendi ingkang leres.

Sawenèhing terpeladjar poeroenipoen noeloeng dateng Ra'jat jèn angsal kasil oetawi margi sebab sanès. Kados déné sdr. Parada Harahap boten poeroen njoekani A. B.C. koersoes, djalaran tetijang boten badé maos koran.

Pantji, tijang terpeladjar ingkang gesang kanggé Ra'jat babarpisan ngantos boten mikir dateng badanipoen pijambak poenika badé dipoenaosi sanget déning Ra'jat ingkang ngertos ing panarimah. Nanging tijang ingkang kados makaten dji . . . . . . pinten?

Toemrapipoen samangké kados sampoen nama loemajan manawi para terpeladjar kadosta: Meester in de rechten ingkang ngoepados panggesanganipoen pijambak, kadang - kala gratis noeloengi Ra'jat ingkang dipoenisep ing lintah darat.

Meester ingkang ngetjakaken makaten margi tresna dateng Ra'jat, badé noelari Dokter, Technicus lsp. oetawi kosok - wangsoel Dokter, Technicus ingkang kadang kala noeloengi Ra'jat kanti gratis badé noelari Meester, Ingenieur lsp.

## BOTEN KOEMEDAH - KEDAH NJOEWOEN POENDJI.

Sasoemerep oetawi samireng koela, kados sampoen toemindak hoem ing poendi$^2$ papan oet. panggènan bilih rabi (tijang èstri) dateng lakinipoen (kakoengipoen), lan oegi kosokwangsoelipoen kakoeng dateng èstrinipoen, poenika jèn sampoen saé ladjeng sami ngitjalaken basabinasan. Kadjawi ta para prijagoeng poenika kilap? Ingkang koela atoeraken poenika hoeming prijantoen limrah sapengandap oegi ingkang taksih kagolong limrah. Namoeng sanadjan makatena jèn kanggé t. Ngajodja (poenika ingkang koela soemerepi), sering$^2$ èstri waoe nindakaken krama (basa) dateng sémahipoen (kakoengipoen); inggih poenika jèn pinoedjoe wonten tamoe. Déné jèn tamoe sampoen késah, inggih wangsoel okon - ingokonan malih. Béndjing wonten tamoe malih, inggih makaten malih; makaten poenika saladjengipoen. Lo teka ndadak molah - malih poenika dos poendi ta, kadjeng oet. kersanipoen?

Kados$^2$ kénging dipoen gagapi ± makaten menggahing maksoedipoen:

1$^0$. ngetingalaken bilih pijambakipoen poenika satoenggiling èstri, ingkang nggadahi adjrih asih dateng sémahipoen.

2$^0$. kados$^2$ njontoni tamoe soepados ngaosi dateng sémahipoen (kakoengipoen).

Tjetaa, rak makaten: „Lo, weroeha tamoe (dajoh) slaginé akoe sing rabiné baé ngono, moelané kowé ja . . . a!"

Lan katah - katahing tamoe jèn mirengaken ginemipoen tijang èstri dateng sémahipoen teka mawi temboeng krama, poenika tandoeking tamoe dateng ingkang gadah grija inggih ladjeng langkoeng oermat. Dados jèn ngaten, tjara kados poenika waoe, inggih wonten dajanipoen. Ageng aliting daja kantoen woeroek begdjanipoen ingkang binasan. Ning apesipoen meksa ngindakaken prebawa. Rèhning prebawa poenika toemraping gesang sesrawoengan inggih perloe sanget, mila saoepami tjaraning èstri ingkang saged ngindakaken prebawa poenika dipoen tiroe, kaetjakaken wonten ing babagan sanès, i. p. pepangkatan, perloenipoen ingkang kirang oetawi dèrèng nggadahi prebawa poenika saged wewah oet. angsal prebawa, rak saé, poenika. Kados oep: prijantoen Wedana oet. Assistèn Wedana, poenika asring$^2$ wonten ingkang djan adjegan ngoko dateng personeelipoen. Ning kabekta sebab warni$^2$, oep: menang asal, menang dinesipoen, menang joeswanipoen, menang . . . , menang . . . enz.

Namoeng sanadjan makatena, saoepami wonten kala mangsanipoen ngagem tjara kasbat, poenapa wonten awratipoen?

Kados oepaminipoen jèn pinoedjoe kempalan loerah$^2$ doesoen,

„Adja nganti para pambantoe-pambantoening lajang kabar oetawa wong-wong lijané, jèn gawé karangan ana oekara oetawa tetemboengané sing bisa ndjalari ananing pepadon, tjetjongkrahan."

Bk. Wah kang! Senadjan mengkonoa akoe teka hija meksa isih ngrasa koerang marem, jèn ora pedes, landep. Awit mengko kaprijé, jèn ta oepamané ana prakara-prakara sing akoe koedoe mèloe-mèloe, kang marga ora tjotjog. Oetawa manèh tetemboengan-tetemboengan sing loemepas, noeadjem ngenani badankoe.

Tjp. Ah, prakara koewi gampang ta, dik. Tjoba, apa kowé ora bisa gawé critiek oetawa opbouwende critiek srana migoenakaké nganggo dalan lija, sing kena kanggo ndoepak? Sing dipikir rak roemasoeking ana ing baloeng soengsoem lan kadadèjané, adja moeng .....!! Hara mengko kowé oepama migoenakaké tetemboengan sing pedes, sing landep, kanané anané rak ja moeng kebrangas, koerang-koerang djembar segarané, mesti ja bandjoer golèk tetemboengan-tetemboengan sing loewih pedes manèh, jaikoe: pedes ngijes. Orané mengkono ja moeng dièndjepi, dièsemi baé.

Bk. Ah, dièndjepi keprijé kang?

Tjp. É, tjoba ta. Matjaa pers doewèké boeng Maradja Sayuti Loebis, jaikoe: Déwan (dèk taoen 1930, emboeh saikiné), ing kono kerep ngemot karangan-karangan, sing kanggo ndoepaki golongan Katholiek awewaton boekoe-boekoe sing *onorigineel*, sing tanpa njawang kaanan-kaanané golongan Katholiek. Kajata nganggo boekoe: Hagelspiegel, Sexueele zeden in woord en beeld lan sapanoenggalané. Oetawa manèh moeng nganggo wawaton: *egoistische tendenzen*, liré: nggoegoe sakarepé déwé.

Hija bener boekoe ikoe maoe karangané wong sing kempling-kempling, nanging jèn tanpa njawang kaanan oetawa njipati tindaké ing saben dinané, jèn kasoemoeroepan déning wong sing wis njipati déwé, mesti bakal moeng digegoejoe baé. Oetawa manèh dioenèkaké: *Ah, wong moeng Cholericus, jaikoe wong sing ana ing ngèlmoe firasaté kaleboe wewilangané watak cholerisch* *) *baé, teka dirasakaké.*

Manèh ja, dik! Mentas iki akoe matja karangané boeng Bakri bin Abd. Pahang ana ing Assiasah, jaikoe pers Islam. Wosé woedjoed pandoepak marang golongan Katholiek, jaikoe ngarani jèn golongan Christen Nasrani ikoe loewih bengis, loewih kasar tinimbang karo Oemat Islam, kanti wewaton tjrita kaananing oemat Islam ing Tripolie, ing nalikané digepoek déning Italie; anggoné metik tjrita maoe saka Mustika, oega pers ing Islam, ing Ngajodja.

Ing kono ditjritakaké jèn sawisé bedah para saradadoe-saradadoe Italie pada dililani déning para panggedéné mleboe menjang koeta, ing satemah pada lakoe djenes (tetemboengan ing koran Islam boten koela lebetaken ing ngriki, mindak ngregedi pangangen-angenipoen para maos, Red.).

Kanggoné botjah-botjah sing oemoer 3 — 4 taoen pada dibojongi dikirimaké bali menjang Italie dipeksa dilebokaké dadi Christen. Déné wong sing oemoer 15 — 35 taoen dipeksa dikon matèni bangsané oemat Islam ing kono. Lan lija-lijané manèh.

Tjoba kaprijé dik, moenggoeh saka panemoemoe, kroengoe tjrita lan tetemboengan, sing kaja mengkono? (Sampoen dipoenbantahi déning Kadi ing Libije. Mirsanana rubriek Mantja nagari. Afrika. Red.).

Bk. Ah, ja moeng djeneng nggoejokaké ta kang. Awit djaman apa, taoen pira?— Oepama temenan, apa ja saka panemoené bangsa Italie ikoe mesti Christen Nasrani? Apa ana ta wong mleboe Christen teka kanti dipeksa? Apa ana wong Christen sing pada atradjang kaja saradadoe-saradadoe sing dianggep Christen maoe? — Mestiné jèn ing kana ana lelakon sing kaja mangkono, golongan Christen Nasrani ing Noeswantara Indonesia kéné rak ja akèh sing pada atindak kaja mengkono, djer ana ing ngendi-endia panggonan piwoelangé agama Christen Nasrani ikoe pada baé.

Lha, emboeh, kanggoné sing wis pada moertat, liré: wis ora ngélingi marang piwoelangé agama Christen Nasrani, akoe ora wani tanggoeng.

Balik saiki oepamané akoe bandjoer njritakaké, keprijé moenggoeh kaanané wong-wong Arab, anggoné pada njia-njia, nganggep kéwan marang golongan Neger ing Afrika, lan bandjoer dakanggep oemat Islam, apa ja oemat Islam pada gelem ngakoni?

Tjp. Just so, brother! Saikiné kowé ngrasa déwé, kaprijé moenggoeh toemandoeking tetemboengan-tetemboengan sing pedes, sing bisa njerikaké, njlekitaké, olèh-olèhané ora ana, kedjaba moeng pepadon, kekerengan. Dadi béda banget karo sing wis kokandakaké kaja déné boekoe maoe kaé.

Lha, ija emboeh. Toemrapé wong-wong sing doeroeng njipati kaanan lan tindaké golongan Katholiek ing saben dinané, terkadang kroengoe pambengoking Cholericus ikoe maoe sok bandjoer gampang ngandelé.

*) Tijang watak cholerisch (= cholericus), watak ingkang dakmenang, kadjengipoen namoeng badé nggadjah lar, soetik kasoran lan sapanoenggilanipoen, bèndjing karembag malih.

Dados sasrèpètan watak cholerisch mèh mèmper egoisme (andaranipoen adimas Soedyarsa ± no. 5). (W.)

## — V A R I A. —

### KADOS POENDI SAKÉTJANIPOEN.

Ingkang nglahiraken pakèwedipoen ing ngandap poenika Redactie, ananging mitoeroet panggalihipoen Pastoor Satiman. Sarèhning prakawis poenika jèn kadjèrèng kirang perloe, milanipoen saé kadamel tjekak kémawon. Ladjeng kamanahmanaha. Wosipoen: Saja katah sadèrèk Katholiek ingkang sami sowan Dèwi Marijah ing Semagoeng (bawah Kalibawang) saja saé. Nanging koetjiwanipoen ing Lourdes tiron waoe dèrèng wonten grija pasipengan (hotèl) kados ing Lourdes ingkang saèstoe. Ingkang poenika kados poendi? Poenapa jèn sowan mrikoe inggih namoeng saperloenipoen kémawon, ladjeng andoedah géndongan, toemoenten mantoek?

Déné oetaminipoen, sarèhning poenika betahing ngakatah, jèn ta sadèrèk-sadèrèk Katholiek sami saroedjoek toemandang ingkang dados renaning Pangéran, prajogi sami nglempakaken oeroenan (katah kedikipoen manoet sakoloeripoen ingkang sami poeroen njèlèngi wonten ing boemboeng kajangan). Jèn sampoen nglempak kinten-kinten f 500 kaanggé damel grija pasipengan oetawi pakèndelan ing kiwa tengening goewa ngrikoe. Déné djampinipoen salit, kasanggèkaken sadèrèk padoesoenan ngrikoe mawi pranatan, kados inggih prajogi.

Minangka panoetoep, sampoen kalintoe tampi. Tijang gesang poenika èwed. Kadang-kala kapeksa njarijosaken ingkang pantjènipoen tjekap kagagas pijambak, jèn ta sadaja soemerep dateng jektosing kawontenan.

Panggalihipoen Pastoor Satiman ingkang makaten poenika kantja goeroe ing Plasa toewin ing Bara temtoenipoen inggih tjotjog.

### BIBAR GILING.

Ing wekdal poenika ratjakipoen pabrik-pabrik rosan anggènipoen giling sampoen rampoeng. Makaten oegi S.f. Medari. Samangsa giling sampoen bibar, pandamelan ing pabrik soeda katah sanget. Gandèng lan djaman pangiridan, djiwa pinten-pinten dasa dados koerban, amargi dipoenkèndeli saking pandamelanipoen. Kanggé S.f. sadèrèk toekang besi kémawon ingkang dipoenkèndeli langkoeng saking 30 brajat. Poenggawa bangsa Walandi inggih wonten ingkang katoet. Mangka rembag badé ngelong poenggawa taksih teroes. Mila para poenggawa pabrik kasebat taksih sami menak-menik, gèk kados-poendi, jèn ngantos kedawahan oerak. Dados salebetipoen giling kirang tilem margi saking katahing padamelan, sapoenika kirang tilem margi koewatos bilih boten angsal padamelan. Para poenggawa pabrik Beran oegi sami kaosak-asik, kabar oegi sampoen langkoeng saking 30 poenggawa, ingkang sampoen tjeta dipoenkèndeli, mangka ingkang njepeng pangoewaos taksih ngréka-daja, moerih indaking tjatjah waoe.

*Tijang tangga pabrik.*

### KABAR KRÉNGSÉNGAN PAKEM.

Para maos kados sampoen sami mirsa oetawi midanget, bilih bawah onderdistrik Pakem sampoen klampah èstoe kambah kréngséngan. Ėwasamanten sanadjana sampoen, ing ngriki koela badé ngatoeraken.

Doemoeginipoen woelan poenika, ingkang sampoen lan ingkang saweg nengah-nengahi goenggoeng kempal sampoen wonten sapalih leres, samanten poenika jèn manoet tjatjah kaloerahan: Sa kaonderan Pakem poenika sadaja wonten 16 kloerahan; dados ingkang sampoen kambah ateges 8 kloerahan.

Doemoegi samanten kados sampoen kénging kanggé nimbang-nimbang, kados-poendi kawontenanipoen ing ngrikoe. Ingkang temtoe para maos badé mestani jèn boten sakétja. Lan koela pijambak ingkang oegi ngraosaken, inggih mastani jèn boten étja.

Mangga ta, dipoenpanggalih! Sadèrèk koela padoesoenan ngrikoe poenika ingkang katah-katah grija atep lan baloengan saking deling, ingkang boten sapintena ragadipoen; woesana sapoenika djinijat poeroen, kedah makaten, kedah makaten ... enz. ingkang sadaja toedjoe amrih saénipoen. Moeng émanipoen padosipoen srana kanggé njaèkaken teka rekaos sanget. Toer toemraping pamaréntah inggih sampoen mitoeloengi sanget: gendèng, pakoe, gamping dipoensamboeti, taksih tambah sadadosing grija, dalem grija 1 tjalon pikantoek presèn f 5. Lo, rak pitoeloengan ta poenika? Ingkang gadah kantoen mligi ngwontenaken raganganing grija. Pantjènipoen sampoen boten dawah sanget-sanget. Ėwasamanten njatanipoen kados-poendi? Ah, terang jèn katah sanget ingkang ngresoela, inggih djalaran saking tjoepeting ragad. Andjagèkaken wedaling sabin, wekdalipoen saweg kados ngaten; kanggé ngrikoe kémawon terkadang malah kirang.

Mangga, kados-poendi poenika? Mangka madeging grija waoe kedah nganggé ragad arta. Poeloeh sapoenika sampoen wonten kadjengipoen (kajoe), inggih taksih betah arta kanggé ngémbali toekangipoen. Langkoeng-langkoeng jèn sadaja-sadaja taksih mawi pados, wah inggih kados poenapa raosipoen. Ingkang katah-katah poenika ladjeng sami ngempakaken tékad boten owal boten owel. Poenapa ingkang katingal lan padjeng (sapadjeng-padjengipoen) inggih dipoenpadosaken arta. Mila inggih boten nggoemoenaken jèn salebeting doesoen-doesoen kasebat katingal mamring. Lah, sapoenika kados-poendi ta, toemraping kekadjengan oetawi glega oeger katingal mrintis sakedik kémawon inggih ladjeng dipoenteres pijambak oetawi dipoenpadosaken arta. Prakawis woh sampoen boten kamanah babar pisan. Deling-deling oegi katingal ngrembjang, telas kanggé gedèg, oesoek oetawi dipoendadosaken arta. Toemraping kéwan radjakaja oegi katingal katah sanget soedanipoen. Soeda dateng poendi? Poenika kilap. Dalasan sabin-sabin kémawon inggih katah ingkang dawah ing tangan-ing pak hartawan. Jèn kirang pitadosipoen, kénging kanjatakaken! Dados sadèrèk ingkang sampoen kladjeng makaten poenika soesahipoen boten namoeng tjalon wekdal kréngséngan kémawon, rampoeng poenika terkadang langkoeng ageng soesahipoen. Tambah-tambah jèn ingkang gadah samboetan dateng paréntah, inggih kedah njaoer.

Kanggé tijang 1 pikantoek njamboet gendèng 2.500, poenika panjamboet tjalon njaoer srana nitjil f 0,50 saben woelan, sahipoen ing dalem 4 taoen. Dados tegesipoen gendèng 2.500 regi f 0,50 × 12 × 4 = f 24. Wah, ndak inggih étja poenika? Leres kanggé 4 taoen, ning nemtokaken arta f 0,50 saben woelan, poenika boten gampil lo. Sampoen samanten kémawon roemijin; lan ing ngriki babar pisan koela boten tjengkah lan wontening kréngséngan, namoeng ngraos koetjiwa déné dawahing oerak teka ngleresi mangsa njeplik makaten. Namoeng rèhning sampoen kladjeng, gampilanipoen inggih kantoen moepoes, bilih poenika sampoen begdjanipoen. *)

*P. Ragil.*

*) Wonten babasan Walandi „Van twee kwaden moet men het minste kiezen" tegesipoen „jèn ana ngrekasa loro, ikoe sing dipilih koedoe sing koerang ngrekasa. Sapoenika pilih poendi: katoelaran lelaraning tikoes jaikoe lelara pest, bandjoer akèh oetoeté mati, karo ngrekasa andandani omah soepaja adja dipondoki tikoes lelaranen. Poenapa boten wonten réka daja kanggé njoedangrekaosipoen sakedik-kedika? Ngwontenaken coöperatie tetoembas sesarenganpoenapa boten toemindak? Tinimbang ngoendang toekang, oepami sambat-sinambat poenapa kinten-kinten boten saged toemindak? Manawi Mas Loerah ngégoeh-égoehaken bokmanawi kelampahanipoen langkoeng sakétja. *Red.*

## WATJANA MANÉKA WARNA.

### WIS DJAMAN MLÈSÈT, DITAMBAHI MLÈSÈT-MLÈSÈT DÉWÉ.

Ing samangké poenika ing poendi-poendi katradjang malaise (mlèsèt). Tijang padoesoenan sami sesambat: dodolan ora pajoe. Poenggawa-poenggawa pabrik sami dipoenkèndeli, margi pabrikipoen mogok. Ing sawenèhing jejasan kadosta: ing N.I.S. lan sesaminipoen wonten overcompleet, njoeda poenggawa. Déné ingkang taksih migoenakaken poenggawa, njoeda blandja.

Ingkang kados makaten poenika boten namoeng ing sakita, dalasan satanah Djawi, sa-Indonesia oegi makaten. Malah sadjagad katradjang malaise.

Ing poendi-poendi panggénan ingkang kapireng prasasat namoeng p a n g i r i d a n.

Sanadjana ngirid sami ngirid, toemrap tijang ingkang gadah arta meksa taksih sakétja katimbang kalijan ingkang boten gadah arta oetawi ingkang sampoen dawah ing djoegangan samboetan.

Mila wadjibipoen tijang ing djaman samangké kedah ngoedi sampoen ngantos sepen ing arta, dados manawi gadah arta sampoen teka ladjeng dipoenboetjal.

Ėwasamanten katah kémawon toeladanipoen tijang ingkang ing djaman mlèsèt poenika malah mlèsèt-mlèsèt.

Poen A njamboet-damel sampoen pinten-pinten taoen, ngantos blandja langkoeng saking satoes. Margi namoeng dipoensrengeni kepalanipoen, r o e m a o s l i n g s e m, ladjeng njoewoen medal. Mesti kémawon énggal dipoenlilani, djer ngleresi djaman pangiridan.

Poen M dados mendjait, njanggi kabetahanipoen laré sa-internaat. Sampoen loemajan sanget, awit larénipoen pantji katah, saben-saben wonten ingkang betah sroewal, betah rangkepan, betah rasoekan lan sanès-sanèsipoen.

Noedjoe ramé-raménipoen laré betah rasoekan, teka malah késah ngantos lami, p e r l o e n o e w è n i s a d è r è k; ing grija soewoeng. Mesti kémawon laré-laré ketjoewan, ladjeng pados mendjait sanès. Sareng wangsoel .... ngasih-asih dados lengganan, nanging sampoen katoetoepan lawang tobat.

Poen S pinanggih kalijan goeroenipoen njoewoen soepados dipoenlantaraken pados pandamelan. Goeroe welasan ladjeng madosaken kanti ngrekaos, nanging meksa angsal. Poen S saged dados schrijver. Sasampoenipoen nem woelan pitoeng woelan poen S wangsoel, pinanggih goeroenipoen tjrijos jèn sampoen medal, margi wonten ngrika b o t e n k r a o s.

Lo poenika toeladanipoen tijang mlèsèt-mlèsèt. Mangka saweg djaman mlèsèt! Toenggilipoen taksih katah.

Para maos, kados poendi raosing panggalih pandjenengan maos lelampahan kados makaten poenika? Jén poetra pandjenengan mboetjal blandja langkoeng saking satoes namoeng margi dipoensrengeni sakedik, kados-poendi raos pandjenengan? Ngalah satitik apa ora bisa?

Sadèrèk M toewi sadèrèk, mboetjal lengganan. Lo poenapa toewinipoen waoe boten kénging kasrantosaken? Jèn njata perloe, pados gadjoelan poenapa boten saged?

Poen S boten kraos, teroes nilar padamelanipoen, tanpa mikir ngrekaosing goeroenipoen.

Para sadèrèk, watak kados makaten poenika nama mlèsèt-mlèsèt. Ing djaman mlèsèt, adamel risaking ékonomi.

Sababipoen! margi boten angsal panggoela-wentah. Angsal srengen — moetoeng — tanda watak **kirang andap-asor.**

Pandamelan katah — dipoentilar toewi sadèrèk ngantos pinten-pinten dinten — tanda watak **gemloewèh.**

Angsal padamelan — dipoentilar margi boten kraos — tanda watak **kirang tatag**.

Mila para sepoeh, para goeroe, para panoentoening ra'jat, mangga sami merlokaken ndandosi wataking poetra, wataking siswa, wataking sawenèhing golongan ra'jat ingkang kados makaten. Jèn kakèndelaken, saja teroes mlèsèt-mlèsèt!


FIRMA-MERDEKA
WÉTAN STATION NGABÉAN — DJOKJAKARTA.

Soedah sedia bekakas roemah:
tempat tidoer, bultzak, lemari, medja, koersi,
semoea bikinan dari Indonesia betoel,
**barang baik harga pantes,**
dan bisa beli dengan
**huurkoop.**
Djoega sedia toekang boeat bikin betoel bultzak bisa didatengkan dimana tempat dan sedia
kain dari rami dan lain-lainnja

Hormat Saia
Eigenaar: R. A. SASTRODIHARDJO.


### ATOER PAMOEDJI !!!

Koela maos Sw. Tm. no. 44 taoen poenika, teka mranggoeli andaranipoen sadèrèk Tahrin Bandoeng. Sareng andaranipoen sampoen koela waos ngantos teliti, saweg mangertos bilih kadang Tahrin poenika ingkang dados medewerkeripoen orgaan H. I. S. sarta Tamtama Dalem.

Ingkang poenika koela atoer pamoedji, moegi sempoeloera anggènipoen ngasta medewerking kanggé serat kabar kasbat, soekoer bagé bilih saged dados medewerkeripoen serat kabar padintenan enz., saha ngatoeraken P. f. toewin mendjabat tangan dobel.

Namoeng kadjawi poenika, ing ngriki poen H. J. Patrem klilana 'ndèrèk ngresahi sakedik bab dasaranipoen saoedara Tahrin ingkang kabèbèr wonten ing madyaning Sw. Tm. kasbat; ingkang sadjak 'ndjawil kadang R. K. Djakarta poenapa malih sadjak njepèlèkaken dateng boeng Tom; sadèrèk Tahrin koela kinten dèrèng priksa sinten Tom poenika!

Ing ngriki P. badé njaosi priksa dateng saoedara Tahrin. Sdr. Tom anggènipoen njitak film Djakarta poenika namoeng extra alias kanggé sambèn, awit sakmireng lan sak soemerep koela, Tom poenika sanès laré wingi sonten, nanging salah satoenggiling medewerker-ipoen Sw. Tm. lan S. K. ing sabagéan ageng; oeroen rubriek soepados damel ageng lan ngengrenging orgaan kita kasbat.

Dados bilih saoedara Tahrin paring oelar$^2$ makaten poenika, koela wastani dèrèng waspada dateng artikelipoen Tom, awit saking pamawas koela, bilih sadèrèk Tahrin katanding kalijan Collega Tom, kados dèrèng sak petitipoen; jèn katitik saking karang-karanganipoen ingkang wonten ing H. I. S. toewin Tamtama. „Lho, kok bisa-bisané nglakoni tawa obral besar karo Boeng Tom. Patrem pantji ragi goemoen, toer mawi Kwadrat.

Awit sadèrèngipoen sadèrèk Tahrin pasang reclame, boeng Tom sampoen gadah klangenan boekoe warni-warni plus tijdschriften mantja negari; malah bilih boten klèntoe, boeng Tom poenika sampoen saged oetawi gadah gondèlan sakedikipoen basa pitoeng warni, toer ngantos samangké taksih ngoedi kasagedan sanèsipoen malih.

Lo, poenapa sakinten sadèrèk Tahrin sampoen ngoengkoeli Collega Tom, bab anggènipoen lelédang wonten madyaning serat$^2$ kabar??? Déné manawi saweg saged njamèni kémawon, sadèrèk Tahrin sampoen ngantos tawi obral malih$^2$ dateng boeng Tom, awit mangké mindak dipoen-*crediet!* Ing wasana koela asoeng pémoet katoer sadèrèk Tahrin, 'mbéndjing malih bilih badé graoet tijang, koela atoeri ingkang waspada: kalijan malih artikel pandjenengan wonten ingkang sadjak galantjé toer njerwètèh i. p. ingkang njempèt kadang R. K. Djakarta. *)

Njoewoen pangapoenten:
*H. Jimmy. Patrem.*

*) Prakawis poenika katjoegag samanten kémawon, mindak saged ndadosaken pasoelajan *Red.*)

### CORRESPONDENTIE.

Sampoen tampi postwissel saking sadèrèk-sadèrèk abn. 51, 100, 179, 186, 456, 760 sarta sdr. A. Satidjan. Matoer noewoen. (A d m i n i s t r a t i e).

Sarèhné copie katah sanget, mangka sami pandjang-pandjang dados papan kirangararan. Mila sampoen dados panggalih. Ngentosi selanipoen.

Sdr. O. D. Kühr koela atoeri ngentosi. Matoer noewoen. (R e d a c t i e).

